


Pa Prezidan Thomas S. Monson



# Èske nou prepare?

**N**an zòn kote m te viv ak sèvi a, legliz la gen yon pwojè elve poul, ki te konpoze toudabò pa volontè ki te soti nan pawas lokal yo. Pifò tan an, sete yon pwojè ki te byen jere, ki te founi dèmilyon ze fre ak dè santèn kilo poul tou prepare nan magazen evèk la. Men, nan kèk okazyon, pote w volontè kòm fèmnye novis te vle di non sèlman zanpoul nan men ou men fristrasyon nan kè ak nan lespri tou.

Pa egzanp, m pap janm bliye epòk kote nou te rasanble jènjan Prètriz Aawon yo pou nou te fè netwayaj pou pwojè a. Gwoup antouzyas e plen enèji nou an te rasanble pou pwojè a epi byen rapidman yo te derasinen, rasanble, ak boule gwo kantite movezèb ak debri. Epi nan limyè dife byen wouj, nou te manje 'hot dog' epi nou te konplimante tèt nou pou yon travay byen fèt.

Men, te gen jis yon pwoblèm devastan. Bri a ak dife a te sitèlman deranje popilasyon frajil 5.000 poul ki t ap ponn ze yo ke pifò nan yo te chanje toudenkou epi yo te sispann ponn ze. Nan apre, nou te tolere kèk movezèb pou nou te kapab pwodui plis ze.

Kèlkeswa manm nan legliz la ki ede nan pwojè pou founi bagay pou moun ki nan bezwen yo pap janm bliye ni regrèt eksperyans lan. Travay, ekonomi, ototnomi, ak pataje avèk lòt moun se pa bagay ki nouvo pou nou.

Nou dwe toujou sonje ke pi bon sistèm pou magazen evèk la se t ap pou chak fanmi nan legliz la gen yon pwovizyon manje, rad, ak, kote sa posib, lòt bagay ki nesèsè pou lavi yo. Magazen Senyè a mande tan, talan, teknik,

konpasyon, materyo konsakre, ak mwayen finansye manm fidèl yo nan legliz la. Resous sa yo disponib pou evèk la pou l ede moun ki nan bezwen yo.

Nou priye tout Sen Dènye Jou yo pou yo pridan nan planifikasyon yo, pou yo modès nan fason y ap viv, epi pou yo evite gwo dèt oubyen dèt ki pa nesèsè. Anpil plis moun ta kapab evite oubyen andire difikilte finansye nan lavi ekonomik yo, si yo te gen yon rezèv manje ak rad ak okenn dèt. Jodia nou konstate ke anpil moun suiv konsèy sa a alanvè: yo gen yon pil dèt e yo pa gen manje.

M ap repete sa Premye Prezidans lan te deklare sa gen kèk ane a:

“Pandan plizyè ane, yo te konseye Sen Dènye Jou yo pou yo prepare yo pou advèsite nan mete yon ti lajan akote. Ekonomize lajan ap ede anpil nan sekirite ak byen-nèt yo. Chak fanmi gen yon responsablite pou yo reponn ak pwòp bezwen yo otan sa posib.

“Nou ankouraje nou, kèlkeswa kote n ap viv nan mond lan, pou nou prepare nou pou advèsite nan veye sou kondisyon finans nou. Nou priye nou pou nou pridan nan depans nou; disipline tèt nou nan achte pou nou ka evite dèt. Peye dèt nou osi vit nou kapab, epi libere tèt nou anba esklavaj sa a. Sere yon ti lajan regilyèman pou nou ka bati yon rezèv finansye tikal pa tikal.”<sup>1</sup>

Èske nou prepare pou ijans nan lavi nou? Èske nou gen bon konpetans? Èske nou viv avèk prevwayans? Èske nou gen pwovizyon an rezèv sou lamèn? Èske nou obeyi kòmandman Bondye yo? Èske nou suiv ansèyman pwofèt

yo? Èske nou prepare pou nou bay nan sa nou genyen pou pòv yo ak moun ki nan bezwen yo? Èske nou sensè avèk Senyè a?

N ap viv nan tan boulvèse. Souvan, nou pa konn kisa ka rive demen; se poutèt sa, nou oblije prepare nou pou ensètitud yo. Lè moman desizyon yo rive, tan preparasyon an deja pase.

#### NÒT

1. Premye Prezidans lan, *All Is Safely Gathered In: Family Finances* (pamphlet, 2007).

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Konsidere bezwen moun w ap vizite yo, panse sou ki fason ou ka ede yo vin pi otonòm nan anlwa yo, finans yo, rezèv manje yo, oubyen preparasyon pou ijans yo. Panse sou yon talan ou ta ka pataje avèk yo, tankou fè jaden, oubyen jere lajan, ki ta ka ede yo suiv konsèy Prezidan Monson nan.

## JÈN YO

### M te sèvi ankò

#### Pa Jaíne Araújo

**Y**on jou, apre m te fini yon pwojè sèvis, m t ap pase bò chapèl nou an epi m te wè de sè ki t ap netwaye chapèl la. Mo sa yo te tou senpleman soti nan bouch mwen: "Sè yo, èske nou bezwen èd?" Youn nan yo te souri ban mwen epi l te di ke m rive jis atan paske yo te poukont yo pou netwaye chapèl la epi yo te fatige

anpil. Li te di ke l te priye pou Senyè a te voye yon moun pou ede yo. Mwen te kontan anpil dèske m sete yon repons pou priyè yo a. Mwen te jis fin rann yon lòt moun sèvis e m te fatige tou, men m te suiv kè mwen epi m te ofri pou m te sèvi plis.

Se yon kòmandman pou n travay ak kè kontan (gade D&A 24:7). Lè nou gen dezi pou nou sèvi tout tan, nou ka ede mirak rive nan lavi lòt moun. Lavi nou vin pi gen sans lè nou sèvi. Senyè a reyèlman renmen nou, Li ede chak pitit li, epi li ba nou fòs pou nou sèvi.

*Otè a ap viv nan Rio Grande do Norte, nan Brezil.*

## TIMOUN

### Èske nou prepare?

Repons: Vrè, vrè, fo, vrè, fo

**P**rezidan Monson mande pou nou chak prepare nou pou tan difisil epi pou nou ede lòt moun lè y ap travèse moman difisil. Reponn kesyonè vrè-ou-fo sa a pou w wè si ou prepare!

Mwen ka toujou jwenn yon moun pou m ede.

Vrè  Fo

Mwen ka rekonesan pou tout sa m deja genyen.

Vrè  Fo

Mwen pa gen okenn talan pou m pataje avèk moun.

Vrè  Fo

Sere lajan pou demen se yon bon ide.

Vrè  Fo

Mwen bezwen nouvo jwèt ak nouvo rad pou m ka kontan.

Vrè  Fo



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Konsolatè

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa a se yon pati nan yon seri mesaj vizit nan fwaye ki dekri asfè sou misyon Sovè a.*

Jezikri pwomèt: “Mwen pap kite nou poukont nou: M ap tounen vin jwenn nou ankò” (Jan 14:18).

L ap ba nou “Kè kontan nan plas lapenn yo, kontantman nan plas kè sere yo” (Ezayi 61:3). Paskè Kris la te soufri Sakrifis Ekspyatwa a pou chak grenn nan nou, Li pap janm bliye nou. Linda S. Reeves, dezyèm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a te di: “Sovè nou an pran sou tèt Li . . . lapenn nou ak soufrans nou ak aflikasyon nou yo pou Li ka konnen sa nou santi ak kijan pou l rekonfòte nou.”<sup>1</sup>

Konnen ke Kris la ap konsole nou kapab pote lapè pou nou e enspire nou pou nou suiv egzanp Li nan sèvi lòt moun. Prezidan Thomas S. Monson te di: “Konesans nou sou levanjil la ak lanmou nou pou Pè Selès la ak pou Sovè nou an ap

rekonfòte nou ak soutni nou e pote lajwa nan kè nou si nou mache dwat epi nou respekte kòmandman yo. Pap gen anyen nan mond sa a k ap kapab venk nou.”<sup>2</sup>

## Nan ekriti yo

Jan 14:18, 23; Alma 7:11–13; Doktrin ak Alyans 101:14–16

## Nan Istwa Nou

Elaine L. Jack, 12zyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Nan vizit nan fwaye, nou chak lonje la-men bay lòt. Men souvan di sa vwa pa kapab di. Yon akolad plen chalè vledi anpil bagay. Yon ri kapab ini nou ansanm. Yon moman pataj ka rafrech nanm nou. Nou pa ka toujou aleje fado yon moun ki gen pwoblèm, men, nou ka soulaje li pou l kapab pote fado a byen.”<sup>3</sup>

Sè ki te pyonye nan Sosyete Sekou yo “te jwenn fòs espiyèl

nan lanmou ak konpasyon youn te gen pou lòt. . . . Lè yo te anba eprè maladi ak lanmò, yo te priye youn pou lòt ak lafwa epi youn te rekonfòte lòt. Helen Mar Whitney te ekri: ‘Amou Bondye te koule nan tout kè, nan pwen ke malen an te sanble l pa t kapab mete l antre nou menm ak Senyè a, epi, nan kèk ka, nou pa t santi pikan flèch anflame l yo.’”<sup>4</sup>

## NÒT

1. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2012, 120.
2. Thomas S. Monson, “Be of Good Cheer,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2009, 92.
3. Elaine L. Jack, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 119.
4. *Filles dans mon royaume*, 34.

## Panse sou sa

Nan ki fason konprann ke Senyè a sonje nou ap pote rekonfò pou nou?